

DÈNYÈ AVI

NIMEWO REFERANS: xxxxxxxxxx

Manm: xxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxx

ID Medicaid: xxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxx

AVI ENPÒTAN: AKSYON KI NESESÈ

Chè manm ki nan pwogram NJ FamilyCare/Medicaid,

Sa a se dènye avi pou fè w konnen y ap kanpe avantaj NJ FamilyCare/Medicaid ou yo apati 30 septanm 2026, akòz nouvo egzijans federal yo. Rezon ki fè y ap sispann avantaj ou yo, se paske ou pa t soumèt prèv ki montre ou gen yon estati imigrasyon ki kalifye pou resevwa avantaj NJ FamilyCare/Medicaid apati 1ye oktòb 2026. Ou ka jwenn règ kalifikasyon federal pou moun ki pa sitwayen yo nan 42 CFR 435.406 ak Seksyon 71109 nan Lwa One Big Beautiful Bill Act.

Ou ka toujou soumèt prèv ki nesèsè a.

Yo voye yon Fòmilè Rapò sou Estati Imigrasyon an nan lèt sa a. Nan do fòmilè sa a, gen yon lis estati imigrasyon ki ka kalifye pou NJ FamilyCare apati 1ye oktòb 2026. Li lis la ak anpil atansyon. **Si w panse ou gen yon estati imigrasyon ki kalifye, ranpli Fòmilè Deklarasyon Estati Imigrasyon an epi voye l tounen ansanm ak kopi dokiman w yo pi vit posib.**

Si w fè sa, nou ka wè si w toujou kalifye pou NJ FamilyCare. Si nou pa resevwa enfòmasyon an nan yon delè 90 jou apati dat ki endike anwo a pou sispann avantaj yo, epi ou vle gen asirans sante, w ap oblije fè yon nouvo aplikasyon. Tanpri sonje menm si ou kalifye nan moman sa a, ou ka gen yon entèripsyon nan asirans ou.

Si w gen kesyon oswa si w vle verifye estati dokiman ou te soumèt la, tanpri vizite www.VerifyOS.com oswa rele 833-635-7060. Si ou ta renmen fè apèl kont desizyon pou sispann avantaj la, tanpri gade avi sou odyans ekitab yo voye ak dokiman sa a.

Sensèman,
NJ FamilyCare

Fòmilè Rapò sou Eitati Imigrasyon

Mwen kwè m ap toujou kalifye pou NJ FamilyCare/Medicaid anba nouvo règleman federal yo apati 1ye oktòb 2026. Eitati mwen apati 1ye oktòb 2026 la, se pral (chwazi 1):

Eitati	Sa pou soumèt (voye kopi, pa voye orijinal)
☐ Sitwayen Ameriken oswa resòtisan Ameriken	Prèv sitwayènte / Paspò Ameriken
☐ Ansent epi prezan legalman nan peyi a	Dokiman imigrasyon (gade nan do paj la) Kantite ti bebe w ap tann ____ Dat ki prevwa pou akouchman (JJ/MM/AAAA) ____ / ____ / ____
☐ Gen mwens pase 21 lane epi legalman prezan	Dokiman imigrasyon (gade nan do paj la)
☐ Rezidan pèmanan legal oswa nenpòt lòt eitati ki kalifye, pandan yon peryòd pou piti 5 lane	Devan ak do kat Rezidans Pèmanan Legal la ("Kat Vèt") Nenpòt lòt dokiman imigrasyon
☐ Vin gen eitati rezidan pèmanan legal aprè ou te: ☐ Refijye ☐ Moun ki te jwenn azil ☐ Viktim trafik moun/fanmi ou ☐ Veteran/fanmi ou ☐ Imigran Amerendyen ☐ Imigran Irakien/Afganyen/an libète sou kondisyon ☐ Ikrenyen ki te libere sou kondisyon ☐ Moun yo kanpe depòtasyon li	Devan ak do kat Rezidans Pèmanan Legal la ("Kat Vèt") Nenpòt lòt dokiman imigrasyon
☐ Moun ki antre kòm Kiben/Ayisyen	Dokiman imigrasyon (gade nan do paj la)
☐ Imigran COFA	Dokiman imigrasyon (gade nan do paj la)

Siyati: xxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxx

Non an Lèt Detache: xxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxx

Dat (JJ/MM/AAAA): xxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxx

NIMEWO REFERANS: xxxxxxxxxxxxxxxxxxxx

Manm: xxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxxx

Nimewo Idantifikasyon Medicaid: xxxxxxxx

Ki kote pou soumèt dokiman yo:

- **Elektwonikman:** Telechaje yo sou sit sekirize HMS la www.VerifyOS.com (rekòmande pou yo resevwa yo rapidman)
- **Pa Faks** bay HMS: 1-877-223-8478
- **Pa Lapòs:** HMS, PO Box 165308, Irving, TX 75016-9923 (Tanpri prevwa 3-5 jou ouvrap pou yo resevwa li)

Estati imigrasyon ki kalifye pou NJ FamilyCare/Medicaid nan dat 1ye oktòb 2026:

1. **Sitwayen Ameriken** (regilye, natitalize, oswa derive) oswa **resòtisan Ameriken** ki gen yon paspò Ameriken, sètifika natiralizasyon, elatriye.
2. **Ansent epi legalman prezan nan peyi Etazini** ak yon kat rezidans pèmanan, yon viza, yon Dokiman Otorizasyon Travay (pèmi travay), yon Dosye Antre/Depa I-94, elatriye.
3. **Gen mwens pase 21 lane epi legalman prezan nan peyi Etazini** ak yon kat rezidans pèmanan, yon viza, yon Dokiman Otorizasyon Travay (pèmi travay), yon Dosye Antre/Depa I-94, elatriye.
4. **Rezidan pèmanan legal** oswa nenpòt lòt estati ki kalifye, pandan yon peryòd pou piti 5 lane.
5. **Vin gen estati rezidan pèmanan legal** aprè ou te nan youn nan gwoup sa yo:
 - a. Refijye
 - b. Moun ki jwenn azil
 - c. Viktim trafik moun ki sètifye ansanm ak mari oswa madanm yo, pitit yo, frè/sè yo, oswa paran yo
 - d. Ansyen militè oswa militè ki nan sèvis yon fason aktif, ansanm ak mari oswa madanm yo oswa moun yo pran an chaj ki pa marye, ki gen yon estati etranje ki kalifye tou
 - e. Imigran Amerendyen
 - f. Imigran espesyal ak Irakyan ak Afgan ki an libète kondisyonèl
 - g. Moun yo te pèmèt antre nan peyi Etazini tanporèman sou pwogram imanite ant 24 fevriye 2022 ak 30 septanm 2024, nan Ukrainian Humanitarian Parole (Pwogram Imanite pou Ikrèn, UHP)
 - h. Moun yo kanpe depòtasyon yo
6. **Moun ki antre kòm Kiben/Ayisyen** ki gen Dokiman Otorizasyon Travay (pèmi travay), Dosye Arive/Depa I-94, paspò etranje, Fòmilè I-862, elatriye.
7. **Akò Lib Asosyasyon (COFA) migran** – ki gen ladan moun ki soti Mikwonezi, Zile Marshall, ak Palau – ki gen Dokiman Otorizasyon Travay (pèmi travay), Dosye Antre/Depa I-94, paspò etranje, elatriye.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou estati imigrasyon ak dokiman ki nesèsè pou verifye yo, vizite <https://www.nj.gov/humanservices/dmahs/obbba/noncitizen.shtml>.

Si ou bezwen èd pou w konprann si ou ka kalifye oswa pou w bay dokiman estati w la, Legal Services of New Jersey (Sèvis Legal New Jersey) yo ka ede w. Rele LSNJ HealthLine (Liy Sante LSNJ) nan 833-576-5776 pou w jwenn enfòmasyon ak konsèy legal. Ou kapab tou aplike pou èd anliy sou www.lsnjlawhotline.org.

Lòt enfòmasyon enpòtan

Ou ka kalifye pou yon lòt opsyon asirans pou rès ane 2026 la. Apati 1ye oktòb 2026, ou ka kalifye pou asirans sante atravè Get Covered New Jersey, ki se mache asirans sante ofisyèl Eta a. Ranpli enskripsyon ou nan Get Covered New Jersey pi vit posib pou evite yon entèripsyon nan asirans ou. Enskri anvan 30 septanm 2026 pou asirans lan kòmanse 1ye oktòb 2026. Ou ka kalifye pou èd finansye pou diminye pri prim masyèl ou ak depans ou peye nan pòch ou jiska fen ane 2026 la. Men, akòz nouvo règleman federal yo, apati 1ye janvyè 2027, ou dwe gen yon estati imigrasyon ki kalifye pou w ka resevwa èd finansye. Si ou pa gen yon estati imigrasyon ki kalifye, ou ka gen pou peye pri konplè pou asirans lan nan ane 2027 la. Ou ka aprann plis sou opsyon asirans ou yo ak asistans lokal gratis sou GetCovered.NJ.gov.

Anplis, Medical Emergency Payment Program (Pwogram Pèman pou Ijans Medikal) la kouvri sèvis ijans yo, ki gen ladan swen pou akouchman, pou rezidan New Jersey ki gen 19 lane oswa plis epi ki pa kalifye pou NJ FamilyCare, paske yo pa satisfè egzijans konsènan sitwayèn Etazini oswa estati imigrasyon.

English

Visit <https://www.nj.gov/humanservices/dmahs/obbba/noncitizen.shtml> to read this notice in English and for more information about immigration statuses and the documents needed to verify them. If you need help understanding if you may be eligible or help documenting your status, Legal Services of New Jersey may be able to assist you. Call the LSNJ HealthLine at 833-576-5776 for information and legal advice. You may also apply for help online at www.lsnjlawhotline.org.

Spanish / Español

Visite <https://www.nj.gov/humanservices/dmahs/obbba/noncitizen.shtml> para leer este aviso en español y obtener más información sobre los estatus migratorios y los documentos necesarios para verificarlos. Si necesita ayuda para saber si cumple los requisitos o para documentar su situación, es posible que Legal Services of New Jersey (LSNJ, Servicios Legales de Nueva Jersey) pueda ayudarle. Llame a la línea de asistencia médica de LSNJ al 833-576-5776 para obtener información y asesoramiento legal. También puede solicitar ayuda en línea en www.lsnjlawhotline.org.

Arabic / العربية

يُرجى زيارة <https://www.nj.gov/humanservices/dmahs/obbba/noncitizen.shtml> لقراءة هذا الإشعار باللغة العربية ومعرفة المزيد عن أوضاع الهجرة والوثائق اللازمة للتحقق منها. إذا كنت بحاجة إلى المساعدة في معرفة ما إذا كنت مؤهلاً أو إلى المساعدة في توثيق وضعك، فقد تتمكن Legal Services of New Jersey من مساعدتك. يُرجى الاتصال بخط LSNJ للمعلومات الصحية على رقم الهاتف التالي 833-576-5776 للحصول على المعلومات والمشورة القانونية. يمكنك أيضاً التقدم بطلب للحصول على المساعدة عبر الإنترنت من خلال موقع www.lsnjlawhotline.org.

Chinese (Simplified) / 简体中文

访问 <https://www.nj.gov/humanservices/dmahs/obbba/noncitizen.shtml> 以阅读本通知的简体中文版本，并获取有关移民身份以及用于验证这些身份所需文件的更多信息。如果您需要帮助了解自己是否符合资格，或需要协助证明您的身份，Legal Services of New Jersey（新泽西州法律服务部）可能能够为您提供帮助。请拨打 LSNJ 健康热线 833-576-5776 获取信息和法律建议。您也可以在线申请帮助：www.lsnjlawhotline.org。

Chinese (Traditional) / 繁體中文

請造訪此 <https://www.nj.gov/humanservices/dmahs/obbba/noncitizen.shtml> 以閱讀本公告的繁體中文版本，並獲取更多關於移民身分及驗證所需檔案之資訊。如果您需要協助判斷自己是否符合資格，或在準備身分證明檔案時需要幫助，Legal Services of New Jersey（新澤西州法律服務處）或許能夠為您提供協助。歡迎致電 LSNJ 健康專線 833-576-5776，以獲取相關資訊及法律建議。您也可以前往 www.lsnjlawhotline.org 線上申請協助。

Gujarati / ગુજરાતી

ઇમિગ્રેશન સ્થિતિઓ અને તેમની ચકાસણી માટે જરૂરી દસ્તાવેજો વિશે વધુ માહિતી મેળવવા તથા આ સૂચના ગુજરાતીમાં વાંચવા માટે <https://www.nj.gov/humanservices/dmahs/obbba/noncitizen.shtml> ની મુલાકાત લો. જો તમને તમારી પાત્રતા સમજવામાં અથવા તમારી સ્થિતિના દસ્તાવેજીકરણમાં મદદની જરૂર હોય, તો Legal Services of New Jersey (ન્યૂ જર્સીની કાનૂની સેવાઓ) તમારી મદદ કરી શકે છે. માહિતી અને કાનૂની સલાહ માટે LSNJ હેલ્પલાઇન ને 833-576-5776 પર કોલ કરો. તમે www.lsnjlawhotline.org પર ઓનલાઇન પણ મદદ માટે અરજી કરી શકો છો.

Haitian Creole / Kreyòl Ayisyen

Vizite <https://www.nj.gov/humanservices/dmahs/obbba/noncitizen.shtml> pou w li avi sa a an kreyòl ayisyen epi pou w jwenn plis enfòmasyon sou estati imigrasyon ak dokiman ki nesèsè pou verifeye yo. Si ou bezwen èd pou konprann si ou kalifye oswa pou w bay dokiman pou pwouve statè w, Legal Services of New Jersey ka ede w. Rele Liy Sante LSNJ nan 833-576-5776 pou jwenn enfòmasyon ak konsèy legal. Ou kapab tou aplike pou èd anliy sou www.lsnjlawhotline.org.

Korean / 한국어

한국어 안내문 및 이민 신분과 해당 신분을 확인하는 데 필요한 서류에 관한 자세한 정보는 <https://www.nj.gov/humanservices/dmahs/obbba/noncitizen.shtml> 에서 확인하실 수 있습니다. 귀하의 자격 여부를 확인하거나 이민 신분을 증명하는 데 필요한 서류를 준비하는 데 도움이 필요하신 경우, Legal Services of New Jersey가 도움을 제공할 수 있습니다. 정보와 법률 상담이 필요하신 경우 LSNJ 건강 및 의료 상담 전화 (833-576-5776) 으로 연락하시기 바랍니다. 온라인 www.lsnjlawhotline.org 에서 도움을 받으실 수도 있습니다.

Portuguese / Português

Acesse <https://www.nj.gov/humanservices/dmahs/obbba/noncitizen.shtml> para ler este aviso em português e obter mais informações sobre os status de imigração e os documentos necessários para comprová-los. Se você precisar de ajuda para saber se é elegível ou para comprovar seu status, os Legal Services of New Jersey (Serviços Jurídicos de New Jersey) poderão ajudá-lo. Ligue para a Linha de Saúde dos LSNJ no número 833-576-5776 para obter informações e consultoria jurídica. Você também pode solicitar ajuda online no site www.lsnjlawhotline.org.

Russian / Русский

Перейдите по ссылке <https://www.nj.gov/humanservices/dmahs/obbba/noncitizen.shtml>, чтобы прочитать это уведомление на русском языке и получить дополнительную информацию об иммиграционном статусе и документах, необходимых для его подтверждения. Если вы не можете разобраться, соответствуете ли вы критериям, или вам требуется помощь в оформлении документов, связанных с вашим статусом, вы можете обратиться за помощью в организацию Legal Services of New Jersey. Для получения информации и юридической консультации позвоните на горячую линию LSNJ HealthLine по номеру 833-576-5776. Вы также можете обратиться за помощью онлайн на сайте www.lsnjlawhotline.org.